

Pwogram pou Moun k ap Achte Kay pou Premye Fwa

Department of Neighborhood Development The Boston Home Center

Lis Verifikasyon pou Aplikasyon an

Aplikasyon pou Pwogram Asistans Finansye ki ranpli epi siyen

- Kopi Sètifika Kou 101 pou Moun k ap Achte Kay founisè CHAPA apwouve <https://www.chapa.org/>
- Kopi Kontra Acha ak Lavant oswa Òf ki Siyen epi Aksepte
- Kopi Lèt Apwobasyon Davans oswa Kalifikasyon Davans yon Enstitisyon ki Prete Lajan k ap Patisipe nan Sant Akèy Boston (Boston Home Center) bay
- Yon fòmilè W-9 ki ranpli epi siyen, fòmilè a disponib nan: <https://www.irs.gov/pub/irs-pdf/fw9.pdf>
- Afidavi ki Endike Pa Gen Okenn Pansyon Alimantè pou Timoun** pou okenn moun nan kay la ki poko gen laj 18 lane e ke aplikan oswa ko-aplikan an pap resevwa pansyon alimantè pou timoun pou li

Dokiman sa yo pou tout moun nan kay la ki gen laj 18 lane oswa plis ki gen entansyon abite nan pwopriyete a:

- Kopi Deklarasyon Revni Federal siyen pou 3 dènye lane ki sot pase yo ak tout anèks yo
- Kopi fòmilè W-2 yo pou 3 dènye ane ki sot pase yo
- Souch chèk salè pou 30 dènye jou ki sot pase yo
- Si w se yon travayè endepandan, yon Eta Pwofi ak Pèt pou tout ane a jiska dat jodiya
- Prèv revni ki soti nan tout lòt sous tankou Lèt Atribisyon Sekirite Sosyal, Konpansasyon pou Chomaj, Pansyon, elatriye.
- 3 relve aktif pou mwa aktyèl la ki soti nan tout Enstitisyon Finansye, tankou bank yo, fon pansyon (401k) yo, aksyon yo, obligasyon yo, kooperativ kredi, elatriye.
- Kopi Kanè Lekòl pou elèv atanplen ki gen plis pase laj 18 lane.
- Afidavi ki Deklare Pa Gen Okenn Revni** pou moun sa yo ki gen laj 18 lane oswa plis yo epi ki pap travay aktyèlman.



City of Boston
Mayor Kim Janey



NEIGHBORHOOD
DEVELOPMENT

Pwogram pou Moun kap Achte Kay pou Premye Fwa The Boston Home Center

Enstriksyon pou Soumisyon Aplikasyon ak Peman sou Entènèt

Tanpri bay dokiman w nan yon non selon fòm konvansyon non BHC a: **APPaddress** oswa **PAYaddress** (pa egzanp: APP23MainStreet PAY229MainStreet). Tanpri soumèt repons ou nan yon sèl PDF si posib. Si w dwe soumèt plizyè dokiman, tanpri ajoute yon nimewo apre non ou bay dokiman an pou yo kapab kontwòle tout pati nan dokiman an (pa egzanp: **APPaddress.1** ak **APPaddress.2**).

Swiv enstriksyon yo rezime pi ba a pou telechaje dokiman w nan

Enstriksyon pou Telechaje dokimantasyon

- Nan navigatè a, rantre lyen URL: <https://transfer.boston.gov> (yon imaj ak mo parèt - "File Server - Serv-U").
- Rantre **non itilizatè a**: " **BHC_FirstTimeHomeBuyers**" ak **modpas**: "**buyahome#**"; Klike sou "Login (Konekte)"
- Seleksyone "Upload (Telechaje)"; klike sou "Choose File (Chwazi Fichye)"; seleksyone fichye ki pou telechaje a; klike sou "Open (Louvri)"; klike sou "Upload (Telechaje)";
- Apre fin telechaje fichye a, w ap retounen sou ekran "Choose File (Chwazi Fichye)" a; klike sou "Close (Fèmen)".

Remak: Ou pap resevwa yon konfimasyon kap fè w konnen ou byen telechaje fichye a. Dèke soumisyon an fin telechaje, ou pap gen aksè a fichye w telechaje a. Si w bezwen modifiye dokiman w yo ou pral oblije rekòmanse a zewo epi resoumèt dokimantasyon yo selon enstriksyon sa yo.

Pou w konfime soumisyon an rive jwenn transfer.boston.gov, tanpri voye yon demann nan imèl bay **HomeCenter@Boston.gov**



City of Boston
Mayor Kim Janey



NEIGHBORHOOD
DEVELOPMENT

Pwogram pou Moun k ap Achte Kay pou Premye Fwa

The Boston Home Center

I. Enfòmasyon Aplikan an

PAJ 1

Aplikan an:

Prenon _____ Inisyal Dezyèm Non _____ Siyati _____

#Sekirite Sosyal _____ Imèl _____

Adrès: _____
Ri _____ Vil _____ Eta _____ Kòd Postal _____

Dat Nesans: _____ Telefòn: _____
Selilè _____

Kay _____ Travay _____

Sitwayen Ameriken? Wi Non Rezidan Etranje? Wi Non

Ko-Aplikan: _____
Prenon _____ Inisyal Dezyèm Non _____ Siyati _____

#Sekirite Sosyal _____ Imèl _____

Adrès: _____
Ri _____ Vil _____ Eta _____ Kòd Postal _____

Dat Nesans: _____ Telefòn: _____
Selilè _____

Kay _____ Travay _____

Sitwayen Ameriken? Wi Non Rezidan Etranje? Wi Non



City of Boston
Mayor Kim Janey



NEIGHBORHOOD
DEVELOPMENT

II. Pwopriyete ki Konsène a

PAJ 2

Tanpri, reponn kesyon ki anba la yo sou pwopriyete w ap achte a.

Adrès Pwopriyete a:

Katye: _____ Boston, MA Kòd Postal: _____

Tip Pwopriyete. **Tanpri tcheke youn sèlman:**

- Kay pou 1 Fanmi
- Kay pou 2 Fanmi
- Kay pou 3 Fanmi
- Kondominyòm

Dat Konstriksyon Pwopriyete a: _____

Dat ki Pwopoze pou Kloti a Apati:

Kontra Acha ak Lavant: _____

oswa

Òf ki Siyen epi Aksepte: _____

Pri Dacha: _____

Enstitisyon k ap Prete Lajan Ipotèk la: _____



City of Boston
Mayor Kim Janey



NEIGHBORHOOD
DEVELOPMENT

III. Enfòmasyon Revni Kay la

PAJ 3

Kantite moun ki gen lentansyon viv nan kay la: _____

Tanpri mete non yo pi ba a:

| Non Moun ki Viv nan Kay la | Dat Nesans | Relasyon ak Aplikan an | Revni Anyèl Brit |
|----------------------------|------------|------------------------|------------------|
| | | Aplikan an | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |

Revni Total Kay la: _____



City of Boston
Mayor Kim Janey



NEIGHBORHOOD
DEVELOPMENT

IV. Enfòmasyon sou Byen Moun nan Kay la genyen PAJ 4

Kach, Kont labank, Kont Envestisman, elatriye.

| Non Mèt Kont lan | Enstitisyon | Nimewo Kont | Sòld Kont lan |
|------------------|-------------|-------------|---------------|
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |

Total: _____

Kont Retrèt ak 401(k) yo

| Non Mèt Kont lan | Enstitisyon | Nimewo Kont | Sòld Kont lan |
|------------------|-------------|-------------|---------------|
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |

Total: _____



City of Boston
Mayor Kim Janey



NEIGHBORHOOD
DEVELOPMENT

V. Lòt Enfòmasyon Finansye Obligatwa

Èske aplikan an te resevwa asistans finansye nan men Depatman Devlopman Katye nan Vil Boston (City of Boston Department of Neighborhood Development) anvansa?

Wi

Non

Si repons lan se wi, tanpri bay dat la _____, rezon an _____

_____, ak

Adrès Pwopriyete a _____.

VI. Enfòmasyon pou Maketing Afimatif

Tanpri konplete seksyon ki annapre a pou ede nou ranpli kondisyon pou maketing afimatif nou yo. Repons ou pa obligatwa e li pap afekte aplikasyon w nan.

Ras Aplikan an:

Endyen Ameriken
Oswa Natif Natal Alaska

Natal Awayi
oswa lòt Moun Zile Pasifik

Azyatik

Blan

Nwa oswa Afwo-Ameriken

Lòt: _____

Èske Aplikan an se Ispanik oswa Latino?

Wi

Non

Èske Aplikan an Andikape?

Wi

Non

Èske Aplikan an se yon Fi ki se Chèf Kay la?

Wi

Non

Èske Aplikan an genyen plis pase laj 62 lane?

Wi

Non



Kijan èske w tande pale de pwogram sa a (tcheke tout sa ki aplike yo)?

| | |
|---------------------------|-----------------------|
| Anons nan Jounal | Kou pou Achte Kay 101 |
| Sitwèb Boston Home Center | Zanmi |
| Kat Postal ki vin Lakay | Kou Asistans Finansye |
| Anons sou Entènèt | Lòt: _____ |

VII. Siyen epi mete Dat la

Mwen deklare sou pèn fo temwayaj ke enfòmasyon sila a se laverite, li egzak, konplè ak kòrèk, nan tout sans. Mwen konprann ke anba Lwa Fo Deklarasyon (False Claims Act), 31U.S.C§§ 3279-3733 a, moun ki volontèman soumèt, oswa lakòz yon lòt moun oswa etablisman, soumèt deklarasyon fo pou jwenn peman ki soti nan fon gouvènman yo, moun sa yo responsab pou twa fwa domaj gouvènman an ta sibi, anplis penalite sivil pou chak fo deklarasyon.

| | | |
|--|----------------------|-------|
| _____ | _____ | _____ |
| Aplikan an (ekri non an ak gwo lèt detache) | Siyati Aplikan an | Dat |
| _____ | _____ | _____ |
| Ko-Aplikan (ekri non an ak gwo lèt detache) | Siyati Ko-Aplikan an | Dat |

Lè m tcheke kaz sa a, mwen rekonèt ke lè mwen tape non mwen, li ofisyèlman ranplase siyati mwen sou dokiman sa a.



DEFINISYON YO

PAJ 7

Fwaye Kay: Manm Kay la pral defini, nan moman aplikasyona, antanke:

- Moun ki abite regilyèman ansanm, kèlkeswa si yo gen menm san, yo alye pa maryaj, adopsyon, titèl oswa daprè lalwa;
- Oubyen ki pa gen okenn relasyon konsa, men ki pataje revni ak resous yo ki gen lentansyon okipe Inite DND a antanke rezidans prensipal pèmanant yo.

Yo pral konsidere koup ki marye legalman kòm yon pati nan fwaye kay la. Sepandan, si yon moun "separe", konjwenn an p ap konsidere li fèpati de fwaye kay la si aplikan an gen ase dokiman pou pwouve ke mari/madanm li ap viv separeman.

Moun k ap achte ansanm, tankou ko-achtè, k ap viv pou kounye a nan fwaye kay ki separe, ap konsidere tankou manm menm fwaye kay la pou aplikasyon an.

DND pral konsidere lòt sikonstans ki pa ranpli definisyon sa a, si yo bay ase dokimantasyon epi/oswa afidavit (pwokirasyon) notarye.

DND gendwa mande tou dokimantasyon adisyonèl pou asire konfòmite an ak entansyon pwogram la.

Aplikasyon Definisyon sa a: Pwogram pwopriyete DND, tankou pa egzantp, èd finansye ak inite aksèsyon nan pwopriyete tit limite. Politik sa a aplikab pou sètifikasyon elijibilite yo antreprann nenpòt moman pandan lotri ak pwosesis acha a.



City of Boston
Mayor Kim Janey



NEIGHBORHOOD
DEVELOPMENT

Achtè Kay pou Premye fwa: Yon moun ki pa genyen okenn dwa posesyon nan yon rezidans prensipal pandan peryòd 3 lane a, ki fini nan dat acha (dat kloti) pwopriyete a:

- Nenpòt moun ki te posede yon kay ansanm avèk ansyen mari oswa madam li etan l te marye;
- Nenpòt moun ki se yon menajè sinistre, oswa yon paran selibatè; e
- Nenpòt moun ki te sèlman pwopriyete yon rezidans prensipal ki pa t fikse sou yon fondasyon pèmanan, oswa yon pwopriyete ki pa t respekte kòd konstriksyon Leta, lokal, oswa modèl yo e ki pa kapab rantre an konfòmite pou mwens pase pri konstriksyon yon estrikti pèmanan.

Rezidans Prensipal Reyèl: Rezidans kote achtè a manje ak dòmi anjeneral e kote l kenbe byen pèsònèl ak byen menaje li yo; e kote achtè a viv oswa l gen lentansyon viv, kote l gen kay li e ki p ap sèvi antanke pwopriyete pou investisman oswa yon kay vakans ni ki sèvi prensipalman pou yon komès oswa yon biznis. Se pou achtè a viv nan pwopriyete a senk (5) sou sèt (7) jou nan semèn nan, e si li oswa yo ta absan pou vakans, biznis oswa nenpòt lòt rezon, jou absans yo pa ka totalize plis pase swasant (60) jou konsekitif nan nenpòt ane eksepte pou yon sejou lopital.

Moun nan Kay la (Fwaye): Youn oswa plis moun k ap viv nan yon inite lojman.

Revni Anyèl: Reprezante kantite lajan yon moun rantre nan yon ane apatide tout sous yo anvan taks.

Revni Anyèl Kay la (Revni Anyèl Fwaye a): Revni konbine tout moun ki gen lentansyon viv nan lojman an. **Sous revni yo gen ladan yo, men yo pa limite a:**

- Montan total, anvan nenpòt dediksyon pewòl, pou pèy ak salè, pèy pou ovètaym, komisyon, frè, poubwa ak bonis, ak lòt konpansasyon pou sèvis pèsònèl;
- Enterè, dividann, ak nenpòt lòt kalite revni nèt ki soti nan imobilye oswa nan pwopriyete pèsònèl;
- Montan konplè nan montan peryodik ki soti nan Sekirite Sosyal, rant anyèl, polis asirans, fon retrèt, pansyon, benefis pou andikap oswa pou lanmò, ak lòt resi peryodik ki menm kalite;



- Peman alapas salè, tankou asirans pou chomaj ak endemnité pou enfimite, konpansasyon travayè ak pèy pou separasyon;
- Peman pou asistans sosyal;
- Alokasyon peryodik ak detèminab, tankou obligasyon alimantè ak peman pou pansyon alimantè pou timoun, ak kontribisyon regilye oswa kado w resevwa nan men òganizasyon oswa moun ki p ap viv nan fwaye a;
- Tout pèy regilye, pèy espesyal ak alokasyon pou manm Fòs Lame yo.

Byen yo: Byen yo gen ladan yo kont labank oswa kont finansye, kèlkeswa si se kach, ekite nan imobilye, fon investisman, oswa nenpòt lòt atik ki gen valè. Sèl eksepsyon an se fon retrèt gouvènman an apwouve ak plan ekonomi pou kolèj. Si yon plan retrèt oswa plan ekonomi pou kolèj pral likide pou ede nan acha kay la, se sèl lè sa a yo pral ajoute li sou kalkil la antanke byen.

Kondisyon Jeneral yo

Note, lè nou itilize "mwen" oswa "pou mwen/m" nan sengilye pi ba a, li reprezante pliryèl la tou nan ka ta gen plis pase yon sèl achtè.

1. Responsablite avoka pou moun ki gen ipotèk la se pou l pwoteje enterè moun ki gen ipotèk la.
2. Moun k ap bay ipotèk la, ki responsab depans yo, anboche yon avoka yo chwazi pou reprezante enterè yo nan tranzaksyon an.

Mwen menm, _____, m ap aplike pou Asistans Finansye anba pwogram asistans pou depo ak frè kloti yo nan The Boston Home Center. M ap sètifye e mwen garanti tout sa ki annapre yo.

- Enfòmasyon sou Revni Moun nan Kay la gen ladann tout moun ki gen lentansyon viv nan fwaye a, ke mwen pral viv ladann nan. Mwen enkli laj li (yo), relasyon yo ak mwen, sous revni (yo), ak revni brit anyèl ki soti nan tout sous yo (ni revni yo kapab takse ni sa ki yo pa kapab takse) yo, ki gen ladann men ki pa limite a: **salè, ovètaym, distribisyon IRA, anplwa a tan pasyèl, bonis, dividann, enterè, rant anyèl, pansyon, Konpansasyon Administrasyon Veteran (VA), revni brit oswa revni nan lwaye, komisyon, revni repòte, peman asistans sosyal, benefis sekiritre sosyal, peman pou andikap, pansyon alimantè, peman pou sipò, asistans leta, peman pou maladi, asirans pou chomaj, ak revni ki soti nan fidisi, aktivite komèsyal, ak investisman.**



- Mwen konprann mwen dwe itilize yon Enstitisyon ki Prete Lajan k ap Patisipe ke Vil Boston apwouve ak yon pwodi ipotèk apwouve ki respekte limit prè ki konfòm ak Fannie Mae yo.
- Mwen konprann ke, anvan mwen resewa Asistans Finansye, mwen pral oblije siyen yon Nòt Garanti ak Ipotèk pou montan total asistans m ap resewa a.
- Mwen pral rantre nan kay m ap achte a kòm rezidans prensipal mwen sou swasant (60) jou apati dat kloti a amwens Depatman Devlopman Katye nan Vil Boston (Department of Neighborhood Development, DND) a ta dakò yon lòt bagay e mwen pral kontinye viv nan kay la apresya.
- Mwen kwè tou an tout bòn fwa ke m ap pran lojman nan yon inite ki vid e ke lè m antre viv ladan l mwen pap responsab okenn lokatè ni ansyen pwopriyete vin sinistre. Mwen konprann ke omwen yon inite dwe vid lè m ap pran lojman.
- Mwen pap ogmante lwaye lokatè yo pou mwen ka fè yo demenaje kite pwopriyete a nan lespas premye ane mwen gen pwopriyete a.
- Mwen pral viv nan pwopriyete sa a kòm rezidans prensipal mwen pandan dire tan prè sa a.
- Mwen pa t pwopriyete okenn kay nan twa (3) dènye ane ki sot pase yo.
- Mwen konprann ke yo pa aksepte moun konvèti kondominyòm yo pandan dire ipotèk la.
- Mwen okouran ke si mwen elijib dapre revni mwen jan HUD defini li, e ke mwen achte yon pwopriyete ki te konstwi anvan 1978, yo egzije yon Enspeksyon Vizyèl Penti a anvan dat kloti mwen an.
- Mwen okouran ke sou sis (6) mwa apati dat kloti a, se pou mwen konplete kou obligatwa pou "Pwopriyete Kay 201" an ke MAHA bay la.
- Mwen konprann ke prè a ap rive a e cheyans e lap peyab lè:
 - A. Vant oswa transfè nenpòt dwa posesyon sou pwopriyete a oswa refinansman pwopriyete a.
 - B. Si mwen pa kontinye kenbe pwopriyete a kòm rezidans prensipal mwen.
 - C. Si mwen pa respekte nenpòt nan kondisyon nòt garanti a oswa ipotèk la.



Afimasyon

PAJ 11

- Yo pa janm kondane mwen akòz ensandi kriminèl ni entimidasyon lokatè ni yo pa janm jwenn mwen abize lwa Lojman Ekitab yo.
- Aktyèlman mwen pa yon moun akize nan yon ka ensandi kriminèl, ni mwen pa yon moun akize nan yon zafè Lojman Ekitab.
- Aktyèlman mwen pa yon moun akize nan medyasyon avèk Komisyon Lojman Ekitab nan Boston ni Komisyon Kont Diskriminasyon nan Massachusetts.
- Mwen pa gen okenn obligasyon enpo imobilye an sipan nan Vil Boston.
- Mwen sètifye ke ni mwen ni okenn moun ki viv nan kay la ki se fanmi pwòch, aktyèlman oswa nan douz (12) dènye mwa ki sot pase yo, se yon anplwaye, ajan, konsiltan, ofisyè, oswa otorite eli oswa deziyen nan Depatman Devlopman Katye nan Vil Boston. Nan kad deklarasyon sa a, "manm fanmi pwòch" gen ladann paran, mari oswa madanm, frè oswa sè, oswa pitit, kèlkeswa kote yo viv.
- Mwen konprann ke enfòmasyon ki nan dokiman sa a sijè a verifikasyon DND oubyen ajan li yo.
- M ap bay enstitisyon k ap prete m lajan an, pèmision pou l divilge materyèl konfidansyèl ki gen rapò ak prè ipotekè mwen yo bay DND oswa bay ajan respektif li yo, nan kad verifikasyon enfòmasyon ki nan aplikasyon sa a. Yo ka kopye aplikasyon sa a, e kopi sa a gen menm valè ak konsantman orijinal sa a.
- Mwen deklare ak tout konviksyon mwen sou pèn fo temwayaj ke enfòmasyon sila a se laverite, li presi, konplè ak kòrèk. Atravè deklarasyon sa a mwen bay Vil Boston otorizasyon pou l verifye defason endepandan enfòmasyon mwen bay la a e pou l envestige dosye kredi mwen yo tou. Mwen sètifye ke mwen li Kondisyon Jeneral pou Otorizasyon Divilgasyon Pwogram sa a e mwen dakò avèk Kondisyon Jeneral yo.

Aplikan an (ekri non an ak gwo lèt detache)

Siyati Aplikan an

Dat

Ko-Aplikan (ekri non an ak gwo lèt detache)

Siyati Ko-Aplikan an

Dat

Lè mwen tcheke kaz sa a, mwen konnen ke lè mwen tape non mwen, li ranplase ofisyèlman siyati m sou dokiman sa a.



City of Boston
Mayor Kim Janey



NEIGHBORHOOD
DEVELOPMENT